



MIT
HAITI



***Inisyativ MIT-Ayiti:
Edikasyon ki san baryè
e ki kore ak lang matènèl
epi teknoloji***

24 septanm 2015

xTalk @MIT

<http://haiti.mit.edu>





ANN REBATI
AYITI






N ap modènize edikasyon pou demokrasi

Edikasyon ann Ayiti:

- An franse
- Jako repèt
 - *memorizasyon*
 - *teyorik nèt*
 - *dekonekte ak reyalite a*



N ap modènize edikasyon pou demokrasi





Twa wòch dife pou kreyativite ka bouyi





Inisyativ MIT-Ayiti

Objektif: Devlope materyèl & kourikoulòm an kreyòl, fòmasyon pwofesè, bon jan edikasyon nan syans ak matematik

Engredyan fondamantal—twa wòch dife:

- 1. Kreyòl kòm zouti pou ansèyman ak aprantisaj**
- 2. Teknoloji ak resous nimerik san baryè (gratis ti cheri)**
- 3. Pedagoji patisipatif**

Yon ti istorik sou MIT-Ayiti

2010

- Senpozyòm nan MIT

2012

- Premye atelye MIT-Ayiti

2013

- MIT ak P.M. Lamothe siyen pwotokòl akò
- Twa minis vin nan seminè nan MIT Sloan

2014

- Atelye MIT Sloan sou lidèchip & travay an ekip
- Prezantasyon MIT-Ayiti nan Konsèy Gouvènman avèk P.M. Lamothe



2013

- Lansman pwojè “INSPIRE” ki jwenn finansman NSF
- 2 atelye MIT-Ayiti “INSPIRE” ann Ayiti

2014

- Atelye MIT-Ayiti “INSPIRE” ann Ayiti
- N ap rapousuiv angajman ak Gouvènman Ayisyen
- P.M. Lamothe nan MIT

2015 ...

- 2 atelye MIT-Ayiti “INSPIRE” ann Ayiti. Dènye atelye a fèt Kanpis UEH Limonad
- MIT-Haiti Fellowship, September 14-25, 2015



MIT
HAITI



Kèk manm nan Ekip MIT-Ayiti (epi gade foto ann apre a)

Lourdes Alemán
Deborah Ancona
Paul Belony
Jonathan Bloom
Alison Brauneis
Michel DeGraff
Kirky DeLong
Cecilia d'Oliviera
Peter Dourmashkin

Ruthly François
Chris Kaiser
M.S. Vijay Kumar
Judy Leonard
Haynes Miller
Brandon Muramatsu
Rebecca Roseme Obounou
Jeremy Orloff
Glenda Stump

*Men depatman nan MIT k ap sipòte Inisyativ la:
Linguistics & Philosophy, Mathematics, Strategic Education Initiatives,
Office of Digital Learning, Biology, Sloan School of Management*



“Men anpil, chay pa lou...”



Kèk estatistik sou Inisyativ la

- 6 atelye ann Ayiti + 1 atelye pèfeksyonman nan MIT
- 200+ anseyan & kad nan gouvènman deja patisipe
- 35+ inivèsite ak lekòl segondè reprezante nan atelye yo
- 50+ lojisyèl an kreyòl pou pedagoji patisipatif nan syans & mat
- 6 gid videyo an kreyòl sou entènèt pou jenetik ak biyochimi

Nou ka jwenn plis detay sou sit Inisyativ la nan sit sa a:

<http://haiti.mit.edu>



Kesyon pou panelis ayisyen yo

1. **Jean Genis Dorvilien:** Ki enpòtans Inisyativ MIT-Ayiti a pou Ayiti?
2. Ki avantaj kreyòl la bay nan edikasyon ann Ayiti?
 - a) **Guerda Jean-Guillaume:** Pou timoun yo?
 - b) **Jimmy Fedna:** ou anseyan yo?
3. **Adler Thomas:** Ki atitud anseyan yo montre pa rapò ak entegrasyon kreyòl la nan ansèyman epi nan pwodiksyon materyèl edikatif?
4. **Étrenne François-Joseph:** Ki difikilte ki frape edikatè yo lè y ap sèvi ak kreyòl la?
5. **Paul Belony:** Ki difikilte ki frape edikatè yo lè y ap tradui lasyans an kreyòl?
6. **Sonide Alcín:** Ki enpak ansèyman an kreyòl genyen nan kad yon pwojè devlopman nasyonal?



Defi & opòtinite?

1. Devlope epi simaye nouvo **vokabilè** pou syans ak matematik an kreyòl
2. Kreye yon nouvo **kilti** aprantisaj aktif ki ka sèvi kòm antidòt kont “pa kè jako repèt” (sa vle di: kont aprantisaj wòwòt kote timoun yo ap memorize tèks ke yo pa ka konprann)
3. Angaje sektè piblik ak sektè prive, sosyete sivil epi kominote entènasyonal la.

Pi gwo enpak—pou MIT, pou lemonn antye?

Gen plizyè milyon timoun tou patou nan lemonn ki pale lang “lokal” e ki pa ko jwenn bon ansèyman. Inisyativ MIT-Ayiti ka sèvi egzanp nan yon revolisyon k ap ede plis timoun jwenn bon jan ansèyman kèlkeswa lang yo pale, kèlkeswa klas sosyal yo.

Syantis, enjenyè, lengwis, elatriye, ka kolabore pou kraze baryè k ap vyole dwa moun.



MIT-Ayiti → edikasyon san baryè

MIT-Haiti Initiative: Opening up education in Haiti

Public Choice

03:00

CC HD

See Related: Mathematics Science Broadening Participation

<http://videohall.com/p/519>